# Rebeso Dzechiito (Verb extensions)

Midzi yezviito inogona kuvedzerwa kuti ireve zvakada kuti siyanei zvichienderana nechishuwo chemutauri.

Kune nzira dzakasiyana siyana dzekuvedzera nadzo midzi yezviito.

Nzira idzi dzinonzi rebeso dzezviito kana kuti zvivanduriro zvezviito vamwewo vanyori navana mazvikokota veShona vanodzidaidza kuti zvivanduridzo.

Izvi zvinongoenderana neChikandamazeko chemunyori mumwe nemumwe.

Kazhinji kacho zita rerebeso rinenge riine rebeso yacho.

Sokuti rebeso yenyanyiso ine rebeso -is- iyo inezita rekuti rebeso yenyanyiso.

**Rebeso yesakiso (Causative)**

Rebeso iyi inoshandiswa kuratidza chakonzeresa.

Sokuti:

| Chiito chisina rebeso | Chine Rebeso | Rebeso yacho |
|---|---|---|
| kurwa | kurwisa | -is- |
| kuba | kubisa | -is- |
| kutora | kutoresa | -es- |
| kukwereta | kukweretesa | -es- |

Rebeso idzi dzinoburitsa pachena chaita kuti zvaitika, kana kuti zvichaitika kana zvirikuitika zviitike. Sekuburitswa pachena kunoitwa nemienzaniso iri pazasi.

1. Tendai atoresa mari yangu.
2. Mudzidzisi achadzidzisa vana Shona.
3. John ndiye arwisa mapurisa.

Rebeso yekonzero ndi -is- na-es-

**Rebeso yenyanyiso (Intensive)**

Sezvinobuditswa pachena nezita rayo, rebeso iyi inoratidza kuwandisa/kunyanyisa kwezvirikuitwa, kanazvakaitika, kana zvichaitika kana zvichaitwa

sekuti:

| Chiito chisina rebeso | Chine rebeso | Rebeso yacho |
|---|---|---|
| kurwa | kurwisa | -is- |
| kuba | kubisa | -is- |
| kutora | kutoresa | -es- |
| kukwereta | kukweretesa | -es- |

Nyanyiso inogona kunyatsobuditswa pachena nezvirevo zvinotevera:

1. Musanyanye kuchemesa amai ndizvo zvinoita upenyu.
2. Iwe, Tatenda nyatsa kudevedzeresa vanhu vese vakunzwe.
3. Inzwi rangu rapera ndanyanya kuimbisa kuchechi.
4. Sekuru Tino vanga vachimhanyisa chaizvo, vatosvika kuchiteshi.

Rebeso yeNyanyiso ndi -es- na -is-

Pane mutsauko pakati perebeso yenyanyiso nerebeso yekonzero kunyangwe zvazvo rebeso idzi dzichiumbwa nemavara akafanana.
Sokuti chiito chine rebeso yekuti kumhanyisa chinogona kushandiswa zvakasiyana sezvizvi:
1. Rebeso yenyanyiso: Manyanya kumhanyisa kumitambo yechikoro kwamanga muri chiendai mundorara.
2. Rebeso yekonzero: Anga achinyanya kumhanyisa motokari yake ndosaka aita tsaona.

**Rebeso yekuitira (applied)**

Rebeso iyi inobuditsa pachena kuitira kwechinhu/ kana munhu.
Sokuti:
kufambira.

| Chiito Chisina Rebeso | Chine Rebeso | Rebeso |
|---|---|---|
| kufamba | kufambira | -ir- |
| kuimba | kuimbira | -ir- |
| kuenda | kutendera | -er- |
| kugeza | kugezera | -er- |

Muenzaniso tichishandisa mitsara yakazara:
1. Ndinota kufambira mapepa emotokari yangu.
2. Handidi kuimbira mahara.
3. Ndinoda kumuendera kumapurisa.
4. Tawanda akamugezera magumbeze ake.

Rebeso yekuitira ndi -ir- na -er-

**Rebeso yekuitirana zvakafanana (Receprocal)**

Rebeso iyi inobuditsa kuitirana zvakafanana
sekuti:
kurovana.
Zvinoreva kuti munhu arova iye achirohwawo zvasiyana nekungorova chete.

| Chiito chisina Rebeso□ | Chine Rebeso□ | Rebeso yacho□ |
|---|---|---|
| kurova | kurovana | -an- |
| kupa | kupana | -an- |
| kugera | kugerana | -an- |
| kuedza | kuedzana | -an- |

Mienzaniso tichishandisa mitsara yakazara.
1. Handidi zvangu zvekurovana newe.
2. Ndinoda kuti tipane zvitsidzo.
3. Vakagerana misoro.
4. Usade kuedzana masimba neni ndinokukuvadza.

Rebeso yuitirana zvakafanana ndi -an-

**Rebeso yekuitwa (passive)**

Rebeso iyi inobutsa kuitwa kwechinhu kazhinji chinhu chacho chirikuitirwa chinenge chisina zvachikuita kana kupokana nezvachirikuitirwa (the object is passive).

Sokuti:

kubatwa.

| Chiito Chisina Rebeso | Chine Rebeso | Rebeso Yacho. |
|---|---|---|
| kubata | kubatwa | -w- |
| kuramba | kurambwa | -w- |
| kuraya | kurayiwa | -iw- |
| kudya | kudyiwa | -iw- |

Mienzaniso tichishandisa mitsara.

1. Akabatwa nematsotsi nezuro.
2. Mukomana uya arambwa nemusikana wake.
3. Unogona kurayiwa nemuti uyu kukaudya.
4. Kambudzi kaye kadyiwa nebere.

Rebeso yekuitwa ndi -w- kana -iw-

**Rebeso yezvinogona kuitika (neuter/potential)**

Rebeso iyi inobuditsa pachena kuti chinhu chinogona kuitika (there is a possibility).

Sokuti:

kubika.

| Chiito chisina rebeso | Chine Rebeso | Rebeso yacho |
|---|---|---|
| kuba | kubika | -ik- |
| kuhwina | kuhwinika | -ik- |
| kuona | kuoneka | -ek- |
| kutora | kutoreka | -ek- |

Mienzaniso tichishandisa zvirevo:

1. Mota yacho inogona kubika kana tikaronga zvakanaka.
2. Mutambo uyu unogona kuhwinika kana murayiridzi achiziva zvaarikuita.
3. Utachiona hunogona kuoneka kanatichishandisa mushina chete.
4. Mari yako inogona kutoreka paATM.

Rebeso yegoneko ndi -ik- kana -ek-